

# ANPIL SÈVIS... YON KOTE.

Navigatè yo ede konekte ak sèvis ki nesesè yo, tankou planifikasyon sekirite, benefis publik, lojman ak lòt bezwen.

Konseye ak terapis pou sipòte granmoun ak timoun ki fè fas ak konsekans twomatik vyolans yo.

Sèvis otonòm ekonomik pou ede ak bidjè, reparasyon kredi, ak lòt pwoblèm finansye. Referans nan fòmasyon travay ak pwogram edikasyon.

Avoka pou bay konsèy sou zafè lojman, lòd pwoteksyon, sipò timoun, gad, vizit, imigrasyon, ak divòs.

Pwokirè espesyalize ak lapolis.

Gadri sou plas pandan y ap resevwa sèvis yo.




## Nan PorchLight, ou pa poukонт ou.

Family Justice Center se pòtay nan yon rezò sèvis ki fòt pou diminye vyolans. Pandan n ap diminye vyolans, n ap amelyore sekirite publik, n ap ede diminye pou santaj omisid yo, n ap ini kominate yo pou sipòte viktim yo ak sivivan yo, epi n ap ogmante ekkasite sèvis alor yo. Nou pran angajman pou kraze sik vyolans la epi kenbe kominate nou an an sekirite.

Tanpri vizite [www.porchlightfjc.org](http://www.porchlightfjc.org) pou plis enfòmasyon:

- **Ki jan pou sèvi kòm volontè.**
- **Ki jan pou fè don.**
- **Kijan pou w jwenn sèvis pou tèt ou oswa pou yon moun ki nan bezwen.**



### PorchLight, yon Sant Jistis Fanmi

11100 W. 8th Ave., Suite 200, Lakewood, CO 80215  
303-271-6100 • [www.porchlightfjc.org](http://www.porchlightfjc.org)



Mision nou se mete  
ansanm sèvis esansyèl pou  
viktim yo, sivivan yo ak pítit  
yo pou kreye yon chemen  
pozitif, epi ankouraje  
sekirite publik.

**PorchLight**  
A Family Justice Center  
*You are not alone.*

11100 W. 8th Ave., Suite 200, Lakewood, CO 80215

[www.porchlightfjc.org](http://www.porchlightfjc.org)  
**303-271-6100**

Orè yo: 8:30 a.m. - 4:30 p.m.  
Nou ankouraje vizit san randevou yo.  
Randevou pa nesesé.




## Poukisa PorchLight?

Si yo atake yon moun devan pitit yo, oswa si li viktim vyolans, yo refere fanmi an bay anpil ajans nan kominate a pou resevwa sèvis pou kòmanse geri. PorchLight pote sèvis yo ansanm nan yon sèk kote, minimize vwayaj la, aplikasyon yo, kantite fwa yon moun dwe rakonte istwa li, tan konje travay, ak bezwen gadri. Pa bezwen gen yon dosye kriminèl pou itilize sèvis sa yo, epi tout sèvis yo gratis pou viktim oswa sivivan an.

## Konsènan Sant lan

PorchLight, yon Sant Jistik Fanmi ki sèvi konte Jeerson ak Gilpin. Plis pase 75 ajans patnè travay ansanm pou bay sèvis kowòdone pou viktim ak sivivan vyolans. Lò nou mete yon ekip pwofesyonèl milti-disiplinè anba yon sèk do kay ak kowòdone aktivite atravè chak ajans, nou ka pi ekkasman sèvi viktim ak sivivan agresyon seksyèl, vyolans familyal, abi granmoun aje, abi sou timoun, abi endividye ki an risk ak traòk moun.



**“Sant Jistik Fanmi nou an se yon kote ki cho ak akeyan**  
kote yon kominate founis sèvis reyini ansanm pou ede viktim yo, sivivan yo ak pitit yo resevwa sèvis enpòtan yo tout nan yon sèk kote.

~ Candace Cooledge, Direktè Egzekitif

**“Mwen pa t vle oblige rakonte istwa mwen yon milyon fwa... gen li tout nan yon sèk kote ta etonan.”**

~ Sivivan